



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON LÒT GRAN ETAP ENPÒTAN NAN INISYATIV SYANS LAVI A

*ILÚM Health Solutions, ki se filyè Merck la, pral Envesti Jiska 48 Milyon Dola epi Kreye Jiska 115 Nouvo Djòb Pandan yon Peryòd Senk An*

*Nouvo Patenarya a pral Devlope Pwogram ak Platfòm Rechèch Modèn Depwent pou Detekte, Trete, ak Anpeche Pwopagasyon Maladi Kontajyez yo*

Jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse patenarya revolisyonè ant ILÚM Health Solutions, ki se yon filyè Merck & Co, OpGen, ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pou yo devlope yon pwogram rechèch modèn depwent pou detekte, swiv ak jere enfeksyon ki rezistan a antimikwòb yo nan etablisman sante toupatou atravè eta a yo. ILÚM pral fè patenarya ak Sant Wadsworth la ak DOH pou yo devlope yon Platfòm Sante Nimerik ak Medsin Presizyon pou Maladi Kontajyez yo (Infectious Disease Digital Health and Precision Medicine Platform), k ap konekte etablisman sante yo ak DOH pou yo ka pi byen swiv ak anpeche pwopagasyon maladi kontajyez yo.

“Lè nou envesti nan etablisman sante piblik ak rechèch inovatè, nou ap travay pou nou pwoteje Nouyòkè yo kont maladi kontajyez danjre yo pandan n ap simante estati nou kòm lidè nan sektè syans lavi an kwasans lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Patenarya revolisyonè sa a pral kreye nouvo zouti inovatè pou pote dekouvèt ki ka chanje lavi soti nan laboratwa antre nan mond lan, sa k ap vanse ekonomi an vè lavan epi kreye yon New York ki pi solid, pi an sante pou tout moun.”

“Atravè patenarya piblik-prive yo ak investisman k ap fèt nan rechèch avanse yo, Eta New York la ap travay pou ede metrize pwopagasyon maladi kontajyez yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nouvo patenarya sa a pral fè gran pwogrè nan deteksyon ak jesyon enfeksyon yo, sa k ap ede asire sante ak sekirite Nouyòkè yo. Demenajman ILUM Health Solutions pou l vin nan Rejyon Kapital la pral plis vanse efò nou ap fè pou nou konbat maladi kontajyez yo epi kreye nouvo opòtinite ak djòb nan rejyon an.”

Platfòm maladi kontajyez ak sèvis enfòmasyon an tan reyèl ILÚM lan ofri pwofesyonèl swen yo ransèyman pètinan pou ede sipòte pwosesis desizyon yo pandan y ap swiv pasyan yo ak rezilta yo. Lojisyèl siveyans lan pral pèmèt pwofesyonèl swen sante yo detekte, swiv ak jere òganis ki rezistan a antimikwòb yo anndan etablisman yo. Anplis

de sa, atravè itilizasyon teknoloji molekilè OpGen ap bay la, done yo kolekte yo pral ede nan kad devlopman nouvo zouti dyagnostik pou idantifye ajan patojèn ki rezistan a medikaman yo epi fasilite tretman yo nan fason efikas.

Yon fwa yo rive atenn kèk gran etap enpòtan epi yo jwenn yon antant definitif avèk DOH, ILUM pral demenaje sosyete komèsyal li a vin nan rejyon Albany an, sa k ap kreye jiska 115 nouvo djòb epi envesti jiska 48.6 milyon dola pandan yon peryòd senkan. Angajman sa a baze sou atent yon etap enpòtan inisyal nan pwen 12 mwa epi demontre randman ak efikasite yon pwogram pilòt genyen nan sistèm sante yo chwazi. Si pilòt la reyisi, alò DOH, ILUM ak OpGen gen plan pou agrandi pwogram lan toupatou atravè eta a. Inisyativ Syans Lavi Eta New York la (New York State Life Sciences Initiative) pral pran angajman 22.4 milyon dola anvè patenarya sa a.

Demènajman ILUM vin nan Rejyon Kapital la pral sèvi kòm yon ilustrasyon klè ki montre avantaj komèsyal distenk resous syantifik inik laboratwa Wadsworth la, sa k ap ankouraje lòt konpayi yo pou yo kolabore avèk Wadsworth epi angaje nan patenarya inovatè k ap ofri avantaj ekonomik pou Rejyon Kapital la ak pou Eta New York la. Dayè, anplis de patenarya k ap fèt ant Wadsworth ak Regeneron Pharmaceuticals la pou yo fè rechèch sou Maladi Lyme lan ke yo te anonse an Jiyè a, pwojè sa a pral plis devlope rap endistri syans lavi nan rejyon an, sa k ap kreye mobilite mendèv epi k ap aji kòm yon eman pou atire lòt konpayi syans lavi yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Patenarya piblik-privè pwometè sa ap eksplwate resous etablisman sante piblik premye plan New York la yo ak youn nan pi gran sosyete famasetik nan mond lan pou yo takle kèk nan pi gran defi sante imen ap konfwonte jounen jodi a yo. New York ap kiltive yon ekosistèm syans lavi solid kote konpayi yo gen aksè a rechèch yo bezwen pou yo devlope, agrandi, ak inovè”.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard A. Zucker, te deklare,** “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York ap tabli estanda pou reponn a menas rezistans antimikwobyèn lan poze a. Sant Wadsworth New York la espesyalman kalifye pou yo fè patenarya ak ILUM Health Solutions nan kad repons nou fas a preyokipasyon sante piblik sa a”.

**Paul Edwards, Direktè Jeneral ILUM lan te deklare,** “Menas rezistans antimikwobyèn lan afekte nou tout. Patenarya inovatè piblik-privè tankou sila sa a mete lasyans ak kominote yo ansanm pou yo pwoteje byennèt tout sitwayen yo. Nou pral itilize teknoloji enfòmasyon sante pou nou devlope yon kad nimerik ki ka rasanble done ak enfòmasyon onivo lokal, epi kominike ak pèmèt estrateji ak pwogram yo konbat menas rezistans antimikwobyèn lan toupatou atravè eta a”.

Kolaborasyon revolisyonè ki gen ILUM ak ant Wadsworth la ap ajoute sou angajman 750 milyon dola Gouvènè Cuomo pran pou li soutni konstriksyon yon nouvo laboratwa sante piblik Laboratwa Sant Wadsworth mondèn ki gen kalib mondyal nan Rejyon Kapital la, ki pral pwomouvwa rechèch an kolaborasyon ant sektè piblik ak prive ak devlopman patenarya. Avèk rekonsepsyon “Yon Laboratwa pou 21yèm Syèk la” (A Lab for the 21st century), Wadsworth la pral fonksyone kòm yon eman pou atire sektè prive a pou yo fè investisman alavni, kote anplwaye yo, chèchè envite yo, dirijan konpayi yo,

ak kolaboratè akademik yo ap kolabore pou akselere inovasyon epi valorize kreyasyon. Yon etablisman modèn ak ko-estiman angaje a pral sèvi kòm yon pwojè vedèt pou Eta New York la, sa k ap montre yon angajman solid ak dirab nan endistri syans lavi Rejyon Kapital la. Antanke youn nan pi gran laboratwa rechèch sou sante piblik nan mond lan, Wadsworth nan pozisyon pou yo kowòdone travay gran rezo rechèch ak etablisman klinik New York la pou yo rantabilize potansyèl komèsyal yo.

Eta New York ap sekirize patnè prive yo pou yo kolabore ak Sant Wadsworth la nan kad estrateji global yo genyen pou konstwi yon ekosistèm syans lavi otonòm toupatou atravè eta a ki pral kapitalize sou rechèch byomedikal debaz yo mennen toupatou atravè eta a.

Laboratwa Sant Wadsworth la yo kanpe alatèt syans byomedikal ak anviwòmantal yo ak entèraksyon yo. Sant lan jwe yon wòl ekstrèmman enpòtan nan efò Depatman Sante a ap fè yo pou yo pwoteje epi pwomouvwa sante rezidan New York yo. Apre plis pase yon syèk ekselans kòm laboratwa sante piblik eta a, Sant lan ap kontinye kòm yon enstiti byomedikal premye ran ki melanje tès klinik ak tès anviwòmantal yo avèk rechèch fondamantal, aplike ak translyasyonèl. Jodi a, syantifik Sant Wadsworth la yo itilize alafwa apwòch klasik ak modèn yo pou yo etidye kesyon anviwòmantal ak byolojik ki gen rapò ak sante imen ak maladi yo. Yo devlope metòd avanse pou idantifye menas mikwobyèn ak chimik yo, etidye rezistans a medikaman yo, nouvo enfeksyon yo, ak ekspozisyon anviwòmantal yo; jere pwogram pèmi pou laboratwa tès dyagnostik ak tès anviwòmantal ki pi global nan peyi a; sipèvize pwogram rechèch k ap fèt andeyò fakilte a sou selil souch, sou kansè nan tete ak blesi nan mwèl epinyè a yo; epi fòme pwochè jenerasyon syantifik yo atravè pwogram syantifik envite pou etidyan premye sik, etid siperyè, posdoktoral yo.

### **Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola Eta New York la**

Nan bidjè Ane Fiskal 2018 la, Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an.

Inisyativ a plizyè fasèt sa a gen ladan 100 milyon dola pou agrandi Kredi Enpo Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program Tax Credit) nan tout endistri syans lavi a, 100 milyon dola pou yon pwogram kredi enpo ranbousab pou rechèch ak devlopman nan syans lavi, epi 320 milyon dola sou lòt fòm estiman. Sa gen ladan sibvansyon estiman eta a pou kore devlopman laboratwa travay pratik ak espas inovasyon, soutyen operasyonèl ak kapital estiman pou konpayi syans lavi ki nan faz inisyativ yo ki rasanble omwen 100 milyon dola finansman anplis ki sòti nan sektè prive a.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn biyoteknoloji, famasetik, teknoloji biyomedikal, teknoloji sistèm lavi e li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwa majorite efò yo nan diferan staj rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak jou, konpayi nan sektè sa ap devlope nouvo dekouvet medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, ke se pou nouvo terapi oubyen deteksyon maladi nan premye stad tankou otis ak kansè. Konpayi sa yo fè pwogrè ki enpòtan tou nan domèn

biyoteknoloji agrikòl ak anviwònmantal, ki ede kreye yon avni ki pi pwòp e ki pi dirab.

Lè l ranfòse ensitasyon, investisman nan enstalasyon yo epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York ap ogmante aksyon ki rechèch ak devlopman sektè a finans li yo nan fason ki enpòtan, sipòte komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi akonpanye nouvell jenerasyon an nan teknoloji avanse. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)